

Kijan Sèvis Lakay ak nan Kominote a (Home and Community-Based Services, HCBS) ede timoun/jèn ak fanmi/moun k ap bay swen yo?

HCBS pou Timoun yo:

- Yo bay yo kote timoun/jèn ak fanmi yo pi alèz — lakay yo oswa nan kominote a
- Sipòte timoun ak jèn yo pandan y ap travay pou atenn objektif ak reyalizasyon yo
- Ede timoun ak jèn yo reyisi lakay yo, lekòl yo, ak nan lòt anviwònman
- Ofri sèvis pèsònèl ak fleksib pou satisfè bezwen nan domèn sante, sante mantal, tretman pou abi dwòg ak/oswa bezwen devlopman chak timoun/jèn.



Kiyès ki ka resevwa sèvis HCBS pou Timoun?

Sèvis HCBS pou Timoun yo se pou timoun ak jèn ki:

- 1) Gen risk pou ale nan yon enstitisyon, lopital, oswa mezon retrèt oswa pou retounen lakay yo soti nan yon enstitisyon, lopital, oswa mezon retrèt.
- 2) Bezwen plis swen lakay yo/nan kominote a
- 3) Yo wè yo kalifye pou HCBS*
- 4) Enskri oswa kalifye pou enskri nan Medicaid. Remak: Gen kèk timoun ki ka kalifye pou Medicaid si yo kalifye pou HCBS.

Ki jan yon moun ka jwenn aksè ak HCBS pou Timoun?

Timoun/Jèn ak fanmi/moun k ap bay swen yo ka pale ak yon **Responsab swen Home Care****, oswa kontakte Sèvis Evalyasyon Timoun ak Jèn nan 1-833-861-4467 oswa CYESConnect@health.ny.gov pou chèche konnen kijan yon timoun/jèn ka jwenn HCBS pou Timoun.

**Kisa Jesyon Health Home Care ye?

Yon Swen Sante Lakay se pa yon kote, se yon moun ki ka ede w jwenn sèvis ki adapte avè w ak fanmi w. Responsab Health Home Care yo travay ansanm kòm yon ekip ak timoun/jèn yo ak fanmi yo ansanm ak founisè sèvis yo pou yo asire y ap resevwa swen ak sèvis yo bezwen pou yo rete an sante.

Tout Timoun ki kalifye pou HCBS ka jwenn sèvis jesyon swen atravè pwogram jesyon swen Health Home la. Timoun/Jèn ki pa enskri nan yon pwogram jesyon swen Health Home ka rele 518-473-5569 oswa voye yon imel bay Healthhomes@health.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon ak/oswa enskri.

*Pou enskripsyon nan HCBS, ou dwe patisipe nan pwogram egzansyon 1915c pou Timoun yo.



Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Sèvis pou Timoun nan Kay ak nan Kominote a, kontakte pwofesyonèl swen sante w la, responsab Health Home a, Plan Medicaid Managed Care, SPOA Konte a, oswa Sèvis Evalyasyon Timoun ak Jèn yo.

NYS CHILDREN'S MEDICAID Sèvis Lakay ak nan Kominote a (Home and Community-Based Services, HCBS)

Enfòmasyon pou Timoun/Jèn yo ak Fanmi yo



Biwo Sante Mantal

Depatman Sante

Biwo Sèvis Alkolis ak Abi Sibstans

Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Domèn Devlopman

Biwo ki Responsab Sèvis pou Timoun Ak Fanmi

Sèvis pou Timoun nan Kay ak nan Kominote a



Travay Akonpaye

- Jèn ki gen 14 ane oswa plis ki pare pou yon travay ka jwenn èd pou yo rete nan yon travay fiks ki peye salè.
- Jwenn sipò yo kontinye bay pandan w ap chèche yon travay ak pandan w ap travay

Sèvis yo enkli, men yo pa limite ak:

- Èd pou jwenn yon travay ki koresponn ak konpetans ak enterè w yo; konsèy pwofesyonèl; sipò pou avantaj sosyal; èd pou avanse karyè w; ak lòt sèvis sipò pou travay.

Sèvis Soulajman (Soulajman ki Planifye ak Soulajman nan moman Kriz)

- Yo ka fèt lakay ou, nan kominote a, oswa nan yon lòt kote ki otorize.
- Sèvis soulajman planifye yo bay soulajman ki pa dire lontan pou fanmi/moun k ap pran swen timoun nan epi sipòte sante mantal, konsomasyon dwòg ak/oswa objektif swen sante timoun nan.
- Soulajman rapid pou kriz se yon soulajman ki pa dire lontan apre yon kriz sante mantal, konsomasyon dwòg ak/oswa swen sante, kote san sipò sa a timoun nan ta bezwen yon pi gwo nivo swen.

Swen Palyatif

Timoun ak Jèn ki gen maladi kwonik ka jwenn sèvis sa yo:

- Terapi Masaj pou amelyore ak soulaje sentom fizik yo
- Atizay, mizik, ak terapi jwèt pou ede pi byen konprann ak eksprime emosyon
- Jesyon doulè ak sentòm pou soulaje ak/oswa kontwole soufrans
- Sèvis Konsèy ak Sipò pou ede timoun/jèn ak fanmi yo fè fas ak dèy ki gen rapò ak maladi kwonik oswa maladi.

Sèvis Tranzisyon yo

Sèvis Tranzisyon yo se atik oswa sèvis yo ka achte pou ede yon timoun/jèn retounen lakay li apre yon sejou ki dire lontan nan lopital/enstitisyon.

Kowòdinasyon Swen Tranzisyon

Ede timoun/jèn yo retounen lakay yo apre yon long sejou nan yon lopital/enstitisyon lè yo planifye sèvis ak sipò tranzisyon ki nesèsè yo.

Modifikasyon Anviwònman yo

Chanjman nan kay yon timoun oswa yon jèn pou ede ak bezwen sante yo

Modifikasyon nan machin

Chanjman nan machin yon timoun oswa yon jèn pou ede ak bezwen sante yo

Teknoloji Adaptasyon ak Asistans

Èd pa mwayen teknoloji oswa lòt aparèy ki nesèsè pou sipòte sante, byennèt ak sekirite timoun/jèn yo

Transpò ki pa Medikal

Transpò pou sèvis oswa aktivite ki sipòte objektif yo



Abilitasyon Kominotè

Jwenn èd pou aprann konpetans sosyal ak lavi chak jou ansanm ak travay ki gen rapò ak sante

- Pa egzanp: Aprann kuit manje epi manje sa ki bon pou sante; patisipe nan aktivite kominotè yo; kominike byen; rete endepandan, epi fè chwa ki baze sou enfòmasyon.

Sèvis Sipò ak Defans pou Moun k ap Bay Swen/Fanmi

- Moun k ap bay swen ak fanmi yo ka jwenn fòmasyon ak edikasyon pou yo ka pran desizyon ki baze sou enfòmasyon ak responsab pou timoun ki gen bezwen nan domèn devlopman, bezwen medikal, bezwen sante mantal ak/oswa bezwen pou konsomasyon dwòg.
- Kenbe epi ranfòse endepandans timoun ak jèn yo nan kominote a

Sèvis Preparasyon Pwofesyonèl

Jèn ki gen 14 ane oswa plis ka aprann konpetans pou ede yo prepare pou travay peye, oswa travay volontè ki koresponn ak enterè yo.

- Konpetans yo ka gen ladan yo: kominike avèk sipèvizè, kòlèg travay, ak kliyan; rezoud pwoblèm nan espas travay; planifikasyon karyè; ak sekirite nan espas travay.